

Enik Yunita

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA (enikyunita397@yahoo.com)

Abstrak

Wisnu Sri Widodo mujudake salah sawijining juru sastra Jawa gagrak anyar utawa sastra Jawa modern. Karya-karyane arupa cerkak, cerbung, crita wayang lan novel. Skripsi iki bakal nintingi cerbung *Nuruti Karep* anggitane Wisnu Sri Widodo adhedhasar teori struktur dinamik lan kepribadhene paraga utama wanita. Lumantar kahanan mau, mula panliten iki nggunakake obyek cerbung “Nuruti Karep” anggitane Wisnu Sri Widodo kanthi tinthangan struktur dinamik ngenani struktur intrinsik mligine tema, paraga lan alur, aspek konvensional pamedharing carita sajroning cerbung NK mligine tema tradhisi lan alur, sarta kepribadhene paraga utama wanita, amarga anane gambaran wewatekane saka paraga utamane kang kuwat banget yaiku isih mentingake nepsu birahine, mentingake *egone* lan ana aspek-aspek nilai sajroning carita. Saliyane iku, anane milih cerbung kasebut kanthi tetimbangan durung anapanliten sadurunge ngenani cerbung NK iki.

Gegayutan karo andharan mau, underane panliten sajroning panliten iki yaiku (1) kepriye struktur intrinsik cerbung NK, (2) kepriye aspek konvensionalitas pamedharing crita sajroning cerbung NK, (3) kepriye wujud kapribadhene paraga utama wanita cerbung NK digayutake teori psikoanalisis Sigmund-freud. Adhedhasar saka prakara-prakara kasebut, mula ancane panliten yaiku: (1) ngandharake struktur intrinsik cerbung NK, (2) ngandharake aspek konvensionalitas pamedharing crita sajroning cerbung NK, (3) ngandharake wujud kapribadhene paraga utama wanita cerbung NK digayutake teori psikoanalisis Sigmund-freud. Dijab panliten iki bisa aweh sumbangsih tumrape sastra gagrak anyar, mligine marang pangrembakaning ilmu sastra, tumrap panliten dhewe, tumrap pamaos, lan tumrap piwulangan *apresiasi* sastra.

Leladhesan teori kang digunakake sajroning panliten iki yaiku tintingan struktur dinamik ngenani struktur instrinsik mligine tema, paraga, lan alur, aspek konvensionalitas pamedharing crita sajroning cerbung NK mligine tema tradisi lan alur, lan tintingan kapribaden paraga utama wanita digayutake teori psikoanalisis Sigmund-freud mligine *id*, *ego*, lan *superego*. Struktur dinamik yaiku pangrembakane struktur murni utawa klasik, punjering panliten tetep ing karya sastrane iku dhewe.

Panliten iki kagolong panliten *kualitatif* kanthi nggunakake metode *deskriptif*. Sumber data panliten iki yaiku sawijining cerbung, kanthi irah-irahan *Nuruti Karep* anggitane Wisnu Sri Widodo kang kapacak ing kalawarti Panjekar Semangat cacahé 15 dhisi, wiwit tanggal 4 Desember nganti 12 Maret 2005. Data arupa teks, tembung lan ukara kang nuduhake anane stuktur intrinsik mligine tema, paraga, lan alur, aspek konvensional mligine tema tradisi lan alur, lan wujud kapribadhene paraga utama wanita digayutake teori psikoanalisis Sigmund-freud mligine *id*, *ego*, lan *superego*. Tata cara pangolahing data ing panliten iki yaiku nggunakake teknik *deskriptif-analisis*.

Saka andharan asiling panliten, bisa didudut asil telu kang selaras karo undering panliten. Andharan kang kapisan yaiku bab unsur-unsur intrinsik mbangun cerbung NK kaperang tema mayor lan tema minor. Tema mayor sosial yaiku ngenani tumindake paraga utama wanita sing ora patut digawe tuladhane urip bebrayan lan tema minore yaiku katresnan lan sujanane wanita kang ndadekake bubahe bale wisma. Babagan paraga mligine paraga utama, Fransiska Winarni lan Lukas Sarminto. Babagan alur crita asipat progresif lan dinamis. Andharan kaping pindho yaiku aspek konvensionalitas struktur. Lelakoning crita sajroning cerbung utawa novel kerep dibumboni karo roman katresnan antarane wong lanang lan wadon. Fransiska Winarni kang dadi paraga utama wanita dijodhohne karo sawijining pelukis sing jenenge Lukas Sarminto, kamangka Fransiska Winarni ora nduweni rasa tresna marang dheweke. Fransiska Winarni nuruti apa sing dikarepake wong tuwane. Iki mujudake peraganing tema tradhisi utawa konvensional sing dumunung sajroning roman Jawa modern utawa roman panglipur wuyung. Andharan sabanjure ngenani bab kepribaden paraga utama wanita kanthi tintingan Sigmund-freud. Kapribadhen paraga utama wanita yaiku Fransiska Winarni. Teori psikoanalisis-freud ngandharake yen kapribadhen manungsa dumadi saka telung sisitem, yaiku *id*, *ego*, lan *superego*. Fransiska Winarni iku mujudake wanita kang nduweni kapribadhen kang ora patut dituladhani amarga nuruti nepsu birahine lan mentingake *egone*.

PURWAKA

Sastra Jawa modern nganti titi mangsa iki, katitik wis bisa ngasilake reriptan-reriptan sing kagolong apik. Sebenere akeh saka reriptan iku sing panggunaning basa lan caritane isih kagawa jaman cengkoking kasusastraan Jawa lawas utawa sastra tradhisi. Sajroning karya sastra modern mau isih durung nengenake puitika sastra modern sing samesthine: isih akeh titikan sastra tradhisi kegawa sajroning pamangune teks sastra Jawa modern mau. Reriptan sing diasilake umume gambaran saka pengalaman batine lan nggambarake panguripane para pangripta, sarta lingkungan soziale. Panguripane manungsa mau diwawas minangka kanyatan sosial sing bisa dadi inspirasi laire karya sastra.

Carita sambung utawa kerep diarani cerbung iki minangka salah sawijining asil sastra Jawa modern. Salah sawijining *genre* sastra Jawa modern kang arupa fiksi yaiku cerbung. Nurgiyantoro (2007:4) ngandharake, kaya dene carita fiksi liyane, cerbung minangka karya fiksi nyuguhake gumelaring jagad kanthi isi model panguripan manungsa. Struktur sing dibangun saka unsur intrinsik kayata kedadeyan, plot, paraga, latar, sudut pandang, lsp.

Tembung paraga miturut Abrams (sajroning Nurgiyantoro, 2007:165) yaiku pawongan sing ditampilake ing karya naratif, utawa drama. Pangripta nduweni kebebasan kanggo nampilake paraga-paraga carita kaya sing dikarepake, sapa sing diadhepi kang nuduhake kakuwatan imajinasine pangripta. Paraga utama lan paraga tambahan iku mau nduweni kapentingan tartamtu lan beda-beda. Paraga miturut kalungguhane, diperang dadi paraga utama lan paraga tambahan (Nurgiyantoro, 2007:175). Paraga utama yaiku paraga kang wigati ing sajrone carita, lan bisa ndadekake carita iku luwih apik. Paraga tambahan yaiku paraga kang ora pati penting, amarga mung dianggo geganep tumrap paraga utamane. Ewa semono kahananing paraga tambahan ora bisa disepelake, amarga paraga tambahan iku kang nguwatake paraga utama.

Jinising paraga miturut peranane diperang dadi paraga *protagonis* lan paraga *antagonis* (Nurgiyantoro, 2007:178). Paraga *protagonis* yaiku paraga kang nduweni sipat kang becik, disenengi dening pamaos amarga bisa menehi panggulawentah. Dene paraga *antagonis* yaiku paraga kang nduweni sipat ala. Ora kabeh carita nduweni paraga utama kang *protagonis*, nanging uga ana sawijine carita kang paraga utamane uga dadi paraga *antagonis*, kaya ing carita cerbung Nuruti Karep.

Saliyane iku, miturut kalungguhan lan jinising peranan, paraga uga diperang miturut jinising wewatekane (Nurgiyantoro, 2007:181). Paraga miturut jinising wewatekane diperang dadi rong warna, yaiku *flat character* lan *round character*. *Flat character* yaiku paraga kang mung nuduhake sipat apik utawa alane bae. Tegese, ora ana owah-owahan utawa pangrembakaning wewatekaning paraga sadawaning crita. *Round character* yaiku paraga kang nduweni wewatekane becik lan ala, laras karo pangrembakaning carita.

Ancangan struktural kaya kasebut mau, nduweni tujuan medharake fungsi lan unsuring karya sastra. Ana kene, analisis struktural ora mung ngonceki data bab unsur-unsur struktur, ing karya fiksi kayadene prekara,

plot, paraga, latar utawa liyane. Analisis struktur luwih nengenake gegayutaning antar unsur lan pisumbang sing diwenehi tujuan estetik lan makna kaseluruhan kang dicapai (Nurgiyantoro, 2007:37).

Panliten iki bakal ngoceki salah sawijining cerbung abasa Jawa anggitane Wisnu Sri Widodo kanthi irah-irahan *Nuruti Karep*. Cerbung iki nduweni titikan kang mirunggan jalaran nemoni nilai-nilai apik kang gegayutan karo urip bebrayan masyarakat.

Kawawas saka titikane, cerbung kanthi irah-irahan *Nuruti Karep* (banjur disingkat NK) anggitane Wisnu Sri Widodo, kalebu jinising novel utawa cerbung panglipur wuyung. Roman *panglipur wuyung* mujudake salah sawijine jinising cerbung utawa novel. Tetembungan *panglipur* nduweni teges ngelipur, agawo seneng, sengsem, yen wuyung teges susah. Roman panglipur wuyung yaiku crita awujud novel utawa cerbung kang nduweni asipat nyenengake ati sing lagi ngalami kasusahan. Sajroning kasusastraan Indonesia modern bisa diarani *roman picisan*. Kabeh paragane mujudake unsur kang wigati sajroning crita, amarga dumadine crita iku uga saka tumindak-tumindak kang dilakoni dening para paragane mau.

Miturut pamawas struktural, paraga ing sajroning cerbung nduweni kalungguhan kang wigati banget, amarga dheweke minangka punjering crita. Jones (sajroning Nurgiyantoro, 2007:165) ngandharake yen pamaragan mujudake gambaran kang cetha ngenani sawijining pawongan kang diwujudake ing sawijining crita. Paraga sing ditampilake ing karya sastra nduweni karakter saengga karya sastra uga nggambarake kajiwane manungsa, senajan pangripta mung nampilake paraga iku kanthi fiktif.

Kanthi mawas puitika caritane, kabiji yen cerbung NK laras yen kawaca mawa ancangan struktural. Tintingan kang digunakake yaiku nganggo struktur dinamik, kawawas luwih obyektif amarga analisis nengenake isining cerbung NK kasebut. Karya-karya sastra panglipur wuyung umume asipat konvensional, mujudake sistem adhedasar konvensi sastra tradhisi. Sajroning sastra tradhisi, konvensi basa lan konvensi sastra asipat tradhisional kaya crita sajroning dedongengan, senajan karakite kanthi puitika modern. Miturut Purnomo (2011:109) konvensi umum panglipur wuyung kalebu wewatakaning sastra Jawa lawas, kang banget nengenake tema etik sarta kang mawa corak epik (pahlawan sajroning arti kang jembar).

Konvensi kasebut kalebu struktur karya-karya sastra modern kang miturut pamawas sawentara, nuwuhake carita sajroning bentuk khas. Ekspresine mujudake konvensi sastra kang umum (sastra tradhisi). Senajan winates, wewatakaning paraga bisa kawawas mawa tintingan psikologi kapribadhen. Ancangan iku digunakake kanggo nggampangake andharan bab kajiwan kang disandhang dening paraga utama. Pamaos bisa deleng tumindake paraga kang digambarake sajroning karya sastra kanthi tintingan psikologi kapribadhening paraga utama wanita. Yen nyatane tumindake paraga-paraga padha karo pamawase ngenani kajiwane, pamaos mau wis ngecahake nerapake teori-teori psikologi modern kanggo njlentrehake lan nafsirake karya sastra.

Kabeh paraga mujudake unsur kang wigati sajrone crita, amarga dumadine crita iku uga saka tumindak-tumindak kang dilakoni dening para paragane mau. Crita sajrone cerbung NK kawiwitan saka prekara kang digambarake pangripta ngenani perkara kang lagi dipikirake utawa digagas dening paraga utamane, yaiku Fransiska Winarni. Siska ora bisa nampa pagaweyane bojone sing dadi seniman, amarga sandang pangane ora bisa kacukupan. Nalika Fransiska Winarni ketemu karo pacar lawase sing sugih banget ana ing toko, banjur nduweni pikiran arep megat bojone lan balen karo mantan pacare. Kabeh paraga bisa ndayani crita dadi luwih apik lan urip kaya nyata. Paraga kasebut nduweni kalodhangan dadi sawijining pamedhar pesen moral ngenani babagan kang mligi marang pamaos lumantar nilai-nilai kang apik sajroning crita.

Saka andharan mau, bisa didudut menawa cerbung NK bisa narik kawigaten kanggo diteliti. Saliyane strukture carita kang bisa ndadekake carita iku narik kawigaten uga ana aspek-aspek nilai sajrone carita. Tintingan kang digunakake yaiku nganggo pamarekan struktur kanthi nggatekake dinamika, kawawas luwih obyektif amarga analisis nengenake ing isi cerbung NK kasebut.

Gegayutan karo andharan mau, underane panliten iki yaiku: (1) kepriye struktur intrinsik cerbung NK anggitane Wisnu Sri Widodo minangka golongan sastra modern? (2) kepriye aspek konvensionalitas pamedharing crita sajroning cerbung NK anggitane Wisnu Sri Widodo? (3) Kepriye kapribadhene paraga utama wanita sajroning cerbung NK anggitane Wisnu Sri Widodo digayutake teori psikoanalisis Sigmund-freud? Ancas saka panliten iki yaiku: (1) ngandharake struktur intrinsik cerbung NK anggitane Wisnu Sri Widodo minangka golongan sastra (2) ngandharake aspek konvensionalitas pamedharing crita sajroning cerbung NK anggitane Wisnu Sri Widodo (3) ngandharake kapribadhene paraga utama wanita sajroning cerbung NK anggitane Wisnu Sri Widodo digayutake teori psikoanalisis Sigmund-freud. Panliten iki diajab bisa menahi paedah yaiku: (1) Tumrap sastra Jawa modern, panliten bisa nduweni paedah kanggo nyengkuyung pangrembakane ngenani ilmu struktur sastra (2) Tumrap pamaos, asline panliten iki muga bisa ndadekake dalam kanggo mangerteni lan nintingi daya apresiasi tumrap karya sastra mligine ngenani struktur sastra (3) Tumrap piwulangan sastra, panliten kang asipat ngandharake kanthi titi bisa aweh pambiyantu marang mahasiswa lan bisa kanggo bahan piwulangan apresiasi sastra ing sekolah-sekolah.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Cerbung lan Novel Panglipur Wuyung

Cerbung kalebu crita fiksi. Cerbung yaiku sawijining crita utawa karangan kang diterbitake ora mung sepisan (*saedisi*) wae ing sawijining kalawarti utawa media liyane, nanging uga Anane cerbung kang isih urip nganti saiki ora uwal saka sejarah pangrembakane novel. Antarane novel lan cerbung iku ana gegayutane, yaiku nduweni crita kang nyritakake paraga lan owah-owahane nasibe paraga, saliyané iku uga

nduweni watesan crita. diterbitake ana ing pirang-pirang edisi ing wektu tartamtu. Saperang saka kasusastraan Jawa, tuwuh sajrone genre roman *panglipur wuyung*. Roman *panglipur wuyung* mujudake salah sawijining jinis cerbung utawa novel Jawa mutakhir. Tetembungan *panglipur* nduweni teges ngelipur yen wuyung teges sengsara. Roman panglipur wuyung yaiku crita awujud novel utawa cerbung kang nduweni asipat nyenengake ati sing lagi ngalami kasusahan. Sajroning kasusastraan bisa diarani *roman picisan*.

Miturut Hutomo (1975:71) roman panglipur wuyung sajroning kasusastraan Jawa modern mujudake novel utawa cerbung kang laris ana ing pasaran. Novel utawa cerbung panglipur wuyung mujudake sawijining bentuk saka panglipur (*hiburan*), amarga cerbung mau bisa diobati susah. Novel utawa cerbung panglipur wuyung nduweni *kharakteristik* kang beda tinimbang novel utawa cerbung liyane. Novel panglipur wuyung asipat nyenengake ati tumrap pamaos. Novel panglipur wuyung ora uwal saka usahane pangripta sajroning tuwuhake ide, pamikir lan gagasan saengga bisa ngasilake novel utawa cerbung *panglipur wuyung* kasebut.

Struktur Dinamik

Konsep jenis sastra modern asipat dinamik, ora mung statik. Sajroning dinamika sistem sastra ana gegayutane lan oposisi antarane jenis-jenis sastra salah sawijining faktor kang hakiki. Fungsi jenis sastra ora mung ditentokake karo ciri-ciri intrinsik, nanging ana kaitane karo jenis sastra liyane. Miturut Abrams (sajroning Nurgiyantoro, 2007:36-37) ancangan struktural minangka sawijine panliten kasusastraan, luwih nengenake sesambungan antarane unsur pamangun karya sastra siji karo unsur pamangun karya sastra liyane. Struktural dinamik yaiku pangrembakane struktural murni utawa klasik. Struktur dinamik ngakoni kasadarane pangripta, ngakoni peran sejarah sarta lingkungan sosial, nanging purijering panliten panggah ing karya sastra iku dhewe.

Tema

Sajrone karya sastra, tema minangka unsur kang wigati kang asring ana lan dadi dhasar kanggo pangripta kanggo ngrembakake crita. Miturut Aminuddin (1991:71) tema yaiku ide kang dadi dhasar crita saengga nduweni paedah minangka pujere pangripta sajrone jlentrehake karya fiksi kang diripta.

Paraga

Paraga iku unsur kang wigati tumrap sawijining carita fiksi, amarga dumadine carita iku dijalari saka tumindak-tumindak kang dilakoni dening para paraga. Saliyané iku, paraga uga minangka punjering lelakon kang ana ing sajrone karya sastra. Anane paraga bisa ndayani sawijine carita dadi luwih apik lan urip kaya nyatane (Nurgiyantoro, 2007:175).

Plot

Plot lan unsure pamangun liyane ora bisa dipisahake, lan saben carita mesthi nduweni plot. Babagan mau bisa kedadeyan amarga kedadeyan saka

gathuke prastawa-prastawa sing ana ing crita utawa sing dijenengi plot. Gathuke prastawa mau nuwuhake carita kang cetha. Miturut Najid (2009:27) gegayutane pirang-pirang lakon, kanthi *linier* utawa *lurus*, sarta kanthi *kausalitas*, saengga mujudake sawijining *kesatuan* kang wutuh sajrone prosa fiksi diarani alur.

Konvensionalitas

Miturut Purnomo (2011:109) ana sawijining konvensi umum kalebu sajroning sastra Jawa lawas utawa tradisi, kang banget nengenake tema etik (religius lan umum) utawa kang mawa corak epik (pahlawan sajrone arti kang jembar). Konvensi umum sing diandharake mau laras karo wewatakaning genre sastra Jawa populer kang kecekel genre sastra panglipur wuyung. Genre panglipur wuyung kerep banget neniru cengkoke sastra tradisi utawa lawas, kanthi *istilah* utawa *idiom-idiom* praktik lan populer. *Istilah* utawa *idiom* kasebut sering digerteni dening masyarakat modern. Konvensi kasebut kalebu struktur umum karya-karya tradisi kang adhedasar pengamatan nggambarake sajroning bentuk khas. Ekspresi mujudake konvensi sastra kang umum.

Sastra lan Psikologi Kapribadhen

Psikologi iku ateges ilmu jiwa, utawa ilmu kang nyinaoni babagan tumindake manungsa. Ing jagading kasusastraan uga nyinaoni babagan psikologi, yaiku kang diarani psikologi sastra. Psikologi sastra yaiku titingane sastra kang ngandharake ngenani hukum-hukum psikologi kang diterapake ing donyaning sastra (Wellek lan Werren, 1990:90). Psikologi kalebu unsur ekstrinsik karya sastra. Anane gegayutan antarane psikologi lan sastra, njalari sajroning jagad sastra ana titingan kang diarani psikologi sastra kaya kang diandharake sadurunge. Psikologi sastra yaiku titingane sastra kang ngandharake ngenani pamikiran-pamikiran lan tumindake manungsa (paraga) ing donyane sastra. Psikologi kapribaden yaiku psikologi kang nyinaoni kapribadhene manungsa karo objek panliten faktor-faktor kang mangribawani tumindake manungsa.

Teori Psikoanalisis Sigmund-freud

Teori kapribadhen sajroning psikologi, mujudake sawijine peragan kang wigati. Bisa ditegesi yen ora ana teori kapribadhen, mula ora bakal bisa nintingi solah bawa lan wewatekan manungsa (Freud, 2002:3). Teori kapribaden psikoanalisis nganti saiki isih dianggep dadi salah sawijine ilmu ing bidang psikologi, kang kawiwitan saka metode ngobati kajiwane/mentale manungsa, banjur dadi konsep anyar ngenani manungsa. Psikoanalisis minangka sawijine obat, kang tujuwane kanggo ngobati pamikiran lan sarape manungsa kang dirasa ora kaya manungsa salumrahe.

Id (das Es)

Id (das Es) uga bisa dimangerteni minangka sistem kapribaden sing jerone ana naluri-naluri gawan saka lair. Id uga bisa ditegesi minangka energi psikis lan naluri kang njalari manungsa nglakoni apa kang dadi pepenginan naluriyah, kayata mangan, seks, lan ora pengin nandang lelara (Minderop, 2011:21). Konsep id

mung sesambungan karo aspek-aspek “ora sadhar” kang ora laras karo standar kesadaran tumrap ing manungsa, sajroning panguripan sosial lan masyarakat.

Ego (das Ich)

Lapisan pamikire manungsa kang ana ing alam sadhar kang ana gayutane karo jagading panguripan iku diarani ego. Saliyane ana ing alam sadhar, panggonane ego uga ana ing alam ora sadhar pamikire manungsa. Ego nduweni jejibahan kanggo nengahi antarane tuntutan naluri lan larangan saka superego. Ego nggayutake manungsa lan kasunyatan lumantar alam sadhar kang dadi papan panggonane. Ego uga upaya cukupe pepenginan lan nepsu kang tuwuh saka id. Ego ora padha karo id, dheweke nduweni fungsi kang sesambungan karo kasunyatan saben dinane. Koeswara (1991:33-34) ngadharake, ego tuwuh lan ngrembaka saka aspek id nalika isih bayi, lan dadi papan panggonan tumrap pamikiran manungsa supaya bisa gegayutan karo panguripan.

Superego (das Uber-Ich)

Superego minangka cabang moril utawa cabang *keadilan* saka kapribadhen. Superego ngukum pikiran kang ala, senajan pikiran iku ora katindakake. Bentuk saka ukuman iku antarane pangrasa bangga lan pangrasa salah utawa prasaan kurang PD (percaya dhiri). Superego yaiku sisitem kapribadhen kang nduweni nilai-nilai lan aturan-aturan kang asipat *evaluative* (Koeswara, 1991:129). Superego kerep nggawe awake dhewe tumindak kanthi cara-cara kang bisa dtrima dening masyarakat. Superego *memantau* tumindak, mutusake apa kang bisa dtrima.

Landhesan Teori

Panliten iki lelandasan teori struktural dinamik, kang oncek-oncekane diwiwiti kanthi analisis struktur. Panemune Teuw (1988:154) kang ngandharake menawa analisis struktur karya sastra yaiku upaya kanggo gawe sistematis apa kang dilakoni sajroning proses pamaos lan mangerteni karya sastra. Tema yaiku ide kang dadi dhasar crita saengga nduweni paedah minangka punjere pangripta sajroning jlentrehake karya fiksi kang diripta. Paraga yaiku pawongan kang kacarita sajroning karya naratif utawa drama, kang dening pamaos ditafsirake nduweni kualitas moral lan patrap tartamtu kayata kang diwedharake ing pocape lan apa kang kaleksanan sajroning patrape. Konsep alur utawa plot diarani carita sing arupa runtutane kedadeyan, kedadean-kedadean iku digayutake anane sebab-akibat, yaiku kedadean siji kang disebabake karo kedadean liyane. Struktural dinamik ngrembaka saka maneka sumber, kanggo bisa mangerteni apa kang dibutuhake pamawas kang jembar sajroning wacan cerbung kasebut.

Sajroning sastra konvensi basa lan konvensi sastra bisa nentokake tetembungan konvensi sastra, saengga nimbulake arti anyar yaiku arti sastra (Purnomo, 2011:109). Cerbung NK kang kalebu sastra Jawa modern iki, isih nengenake paperaning tema tradisi utawa konvensional sing dumunung sajroning roman Jawa modern kayata tema tradisi, dadakan utawa ujud-ujud sing ora ana sebab lan akibate. Titingan psikologi kapribaden kanthi teori psikoanalisis Sigmund-freud iku

digunakake kanggo nggampangake olehe ngandharake bab owah jiwane kang disandhang dening paraga utama wanita yaiku Fransiska Winarni. Kanggo ngandharake bab kapribadhene paraga utama wanita sajroning cerbung NK mula digunakake tinthingan kapribadhen bab sistem rerangkene kapribadhene manungsa yaiku *id, ego*, lan *superego* (Koeswara, 1991:32). Manungsa bisa ngamati tumindake paraga kang digambarake sajroning karya sastra kanthi tintingan psikologi.

METODE PANLITEN

Ancangan panliten sawijining cara panliten kang nggambarake sakabehe pamikiran kanggo nggayuh tujuwan utawa mecahake underane panliten kanthi efektif. Ing panliten iki nggunakake panliten kualitatif amarga ing sajroning panliten ngumpulake data kang arupa ukara-ukara kang nggambarake sawijine objek panliten lan dudu arupa angka. Panliten kualitatif yaiku prosedur panliten sing ngasilake data *dheskriptif* arupa tetembungan sing tinulis utawa lisan ngenani sipat-sipat individu, kahanan utawa gejala saka klompok tatamu sing bisa ditiliki (Molleong, 2007:6). Panliten deskriptif nduweni tujuwan mujudake sawijine *dheskripsi*, gegambaran kanthi *sistematis*, nyata, lan akurat ngenani fakta-fakta, sipat, sarta gegayutane karo perangan aneh kang ditintingi.

Sumber data yaiku subjek panliten saka data kang ditemokake (Arikunto, 2006:128-129). Sumber data sajrone panliten iki yaiku cerbung anggitane Wisnu Sri Widodo kang kapacak ing kalawarti *Panjabar Semangat* no. 49 sasi Desember 2004 nganti no. 11 sasi Maret taun 2005 kang irah-irahane *Nuruti Karep*. Kalawarti diterbitake saka 1 kanthi 15 episode, jangkep episode awal nganti pungkasan kang dadi objek panliten. Saliyane iku uga ana buku-buku kang bisa nunjang lan gegayutan tumrap prakara kang ditliti.

Data ing panliten iki awujud kutipan-kutipan saka cerbung kang arupa tembung, ukara, wacana kang ngemot katrangan-katrangan kang gegayutan karo struktur intrinsik, konvensionalitas struktur karya, lan kepribadhene paraga utama wanita sajrone cerbung *Nuruti Karep* anggitane Wisnu Sri Widodo miturut teori psikoanalisis Sigmund-freud.

Tata cara panglumpuking data kang digunakake ing panliten iki yaiku, *teknik pustaka*. *Teknik pustaka* minangka teknik panglumpuking data kang nggunakake sumber data kang katulis (kapustakan). Tatacara pangolahing data kang digunakake ing panliten iki yaiku teknik *deskriptif-analisis*. Tata cara nulis asile panliten sajroning panliten iki yaiku kanthi *analisis informal*, yaiku analisis data kang nggunakake tembung-tembung salumrahe.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Struktur Intrinsik Cerbung NK Anggitane Wisnu Sri Widodo

Kanggo nintingi maknane cerbung NK, bakal kawiwitan kanthi cara nintingi teks sastra mau saka perangan strukture. Struktur karya sastra dumadi saka unsur-unsur pambangun, kayata tema, paraga, lan alur. Senajan kabeh unsur struktur mujudake perangan kang,

manunggal lan asipat fungsional, kanggo gampang tinthingan. Perangan-perangan mau bakal kaliti siji mbaka siji.

Tema

Tema yaiku pamawas dhasar umum kang nyengkuyung sawijining karya sastra. Tema uga sumipen ing sawijining teks minangka struktur semantis, sing ngandhut pambada lan uga apa wae kang padha (Hartoko & Harmanto sajroning Nurgiyantoro, 2007:68). Tema keperang dadi loro, yaiku tema mayor lan tema minor. Kanggo bisa mangerteni tema kang kinandhut jroning karya sastra, pamaos kudu mangerteni jlentrehane crita jroning karya sastra kasebut.

Tema Mayor

Kanggo mangerteni tema mayor sajroning cerbung NK, luwih dhisik kudu mangerteni isine novel kasebut. Cerbung NK nyritakake lelakone paraga utama wanita Fransiska Winarni sing nduweni pepenginane urip mulya. Andharan kaya ngono mau ana ing pethikan ngisor iki:

Aku iki wanita normal. Lumrah ta yen wanita iku pepingin urip seneng, duwe omah gedhong magrong-magrong, kepingin duwe sandhangan sing sarwa larang, meubelair antik lan canggih, barang-barang elektronik produk mutakhir, anggon-anggon mas barleyan inten mutiara, mobil sedhan kemlenyer sing bisa ngundhakake gengsi? Pepinginane wanita sing kaya ngono iku wajar kodrati lan manusiawi, Mas! Aja kok anggep khayal ngayawara lan maerialistis!"

(NK edhisi 5, PS-20/2005)

Saben wanita mesthi kepingin urip mulya, nanging dheweke kudu nduweni rasa pangrasa dhewe-ndewe, supaya bale wisma ora congkrah. Fransiska Winarni kepingin urip mulya kaya wanita liyane, tanpa ora nyawang apa penggaweane bojone lan asil saben dinane nyukupi apa ora. Tumindake Fransiska Winarni kasebut mbuktekake yen kodrate wanita kepingin urip mulya iku wajar. Saben wanita mesthi kepingin urip mulya nanging ora kudu nyidrani marang anak lan bojo.

Saka andharan iku bisa kadudut yen tema mayor ing sajroning cerbung NK yaiku *sosial*. Kang mbuktekake tema sosial yaiku paraga Fransiska Winarni sing nduweni pepinginane kang gedhe sing ora bisa dipenggak karena nuruti karep. Pepinginane Fransiska Winarni urip mulya sing kaya mangkana mau ndadekake kodrate wanita urip bebrayan. Paraga Fransiska Winarni dadi wanita Jawa sing nduweni tumindak kang ora becik dadi tuladha kanggo bebrayan khusus wanita Jawa.

Tema minor

Kanggo mangerteni tema minor kudu luwih dhisik mangerteni isine cerbung NK, cerbung NK nyritakake kahanane kaluwargane Lukas Sarminto karo Fransiska Winarni. Penggaweyane Lukas Sarminto amung nduweni pakaryan pelukis sing durung kondhang. Dheweke malah entuk coba, saengga mripate ora bisa deleng amarga kena cat zat kimia. Sipate Lukas Sarminto pancen bedha banget karo bojone Fransiska Winarni.

Lukas Sarminto nduweni sipat kang becik, dene Fransiska Winarni nduweni sipat kang mangkelan.

Bubrahe bale wismane Lukas Sarminto karo Fransiska Winarni ora mung karena anane Hartini wae, nanging uga tekane pacar lawase Fransiska Winarni nalika ketemu ana ing Toko Serba Ada. Anton Wibowo kuwi bekas pacare Fransiska Winarni nalika isih kuliyah. Anton wibowo ngelakoni sedheng karo Fransiska Winarni, nalika Fransiska Winarni mingat saka omah banjur menyang omahe Anton Wibowo. Ana ing kamar, Fransiska Winarni lan Anton Wibowo sesambungan kaya wong lagi bebojoan, nanging wong loro mau durung sah ing agama. Andharan kaya mangkono iku mau ana ing pethikan ing ngisor iki:

Sapandhurat Anton sing isih kurang pengalaman rada ngedhap atine. Priye yen bab iki mengko nekakake 'woh' kaya lumrahe wong 'sesambungan'? Mangka lelorone durung kaiket dening talining neningkahan? Ah, jaka tuwa iku bingung.

(NK edhisi 8, PS-39/2005)

Anton Wibowo urip bebarengan karo Fransiska Winarni, nanging kalorone iku durung nduweni sesambung kang sah ing agama. Sawise sesambungan kaya mangkono karo Fransiska Winarni, Anton Wibowo binggung yen asil sesambungane kuwi mujudake keturunan utawa bayi. Anton Wibowo pancen priya sing nduweni rasa tresna karo Fransiska Winarni nalika kuliah nganti tumekane bubrahake bale wismane Lukas Sarminto.

Saka andharan iku bisa kadudut yen tema minor ing cerbung NK yaiku tema katresnan. Katresnane Anton Wibowo ndadekake bubrahe bale wismane Lukas Sarminto karo Fransiska Winarni. Saliyane iku, uga ana rasa sujanane wanita Jawa kang ndadekake pedhote tali katresnane.

Paraga

Paraga diperang dadi telu yaiku paraga miturut kalungguhane, paraga peranane, lan paraga miturut wewatekane. Paraga miturut kalungguhane, diperang dadi paraga utama lan paraga tambahan. Paraga miturut peranane diperang dadi paraga protagonis lan paraga antagonis. Saliyane miturut kalungguhane lan jinising peranan, paraga uga diperang miturut jinising wewatekane yaiku *flat character* lan *round character*.

Paraga Miturut Kalungguhane

Sanadyan paraga kang ana ing sajroning cerbung NK iku akeh banget. Paraga miturut kalungguhane sajroning struktur utawa wewangunaning teks NK diperang dadi paraga utama lan paraga tambahan. nanging paraga kang nduweni kalungguhan dadi paraga utama ing sajroning cerbung NK mung ana loro, Fransiska Winarni lan Lukas Sarminto. Paraga loro iku mau bisa diarani dadi paraga utama amarga paraga sakloron iku mau bisa nguwatake carita, saengga carita kasebut dadi luwih apik. Paraga sakloron iku mau uga paling akeh disebutake ing saben babak carita. Salah sawijine pethikan kang nggambarake yen Fransiska

Winarni dadi paraga utama wanita ing cerbung NK, kabuktekake ana ing pethikan ngisor iki:

Eman dene garising lelakon adoh saka panggantha sing padha dirancang. Siska cidra ing janji, ndhisiki nikah karo pelukis Lukas Sarminto asal saka kampung Samirono-Baru.

(NK edhisi 1, PS-20/2005)

Paraga Lukas Sarminto dadi paraga utama amarga dheweke asring banget disebutake ing carita. Lukas Sarminto iku nduweni pagaweyan dadi pelukis seniman. Kanthi maca sakabehing carita, paraga Lukas Sarminto nduweni asipat tanggungjawab baget marang kaluwargane. Salah sawijine bukti kanggo nguwatake yen Lukas Sarminto iku tanggungjawab marang kaluwargane sajroning carita NK, ana ing pethikan ngisor iki:

"Urip dadi bojo seniman jenenge durung kondhang iku cukup abot, Mas. Aku ngerti yen mas Lukas Sarminto tansah mbudidaya dadi priya sing tanggungjawab marang bot-repote kulawarga, marang anak-bojo, nanging!"

(NK edhisi 2, PS-20/2005)

Paraga tambahan kang ana ing sajroning cerbung NK akeh cacahé yaiku Anton Wibowo, Tabita, Yanti, Hartini, lan Pak Lasiman. Salah sawijine Anton Wibowo. Anton Wibowo bisa diarani dadi paraga tambahan amarga dheweke mung disebutake sethithik ing sajrone carita NK lan nyengkuyung prekara kang tuwuh antarane Fransiska Winarni lan Lukas Sarminto. Paraga Anton Wibowo iku nate nduweni tresna marang Fransiska Winarni, nalika isih kuliah. Cuplikane kaya ing ngisor iki:

Ora mung nratab amarga kaget, nanging uga nratab dene ora kanyatan bisa ketemu priya iki, sing nate ngrenggani atine lan wis sawatara suwe anggone padha pepisahan. Tembung sing kawetu saka tutuke priyayi putri mau mung: "Mas Anton. . . .?"

"Iya Sis, aku mas-Anton-mu sing dhek emben. . ."

(NK edhisi 1, PS-20/2005)

Anton Wibowo iku priya sing nate nduweni sesambungan tresna karo Fransiska Winarni. Nalika ana ing toko Serba Ada Anton Wibowo njawil priyayi putri yaiku Fransiska Winarni. Atine Anton Wibowo seneng banget. Anton Wibowo lan Fransiska Winarni padha-padha kuliah ana ing Universitas Gajah Mada, nanging kalorone mau beda Fakultas. Anane Anton Wibowo ing toko kasebut ndadekake atine Fransiska Winarni kaget, amarga ndeweke nate mblenjani janjine Anton Wibowo yen arep urip bebarengan.

Paraga Miturut Peranane

Paraga miturut peranane diperang dadi paraga *protagonis* lan paraga *antagonis*. Paraga *protagonis* yaiku paraga kang nduweni sipat kang becik, disenengi dening pamaos amarga bisa menehi panggulawentah. Paraga *protagonis* ora mung bisa ditemokake ing paraga utama, nanging uga ing paraga tambahan. Ana paraga *protagonis*

ing sajrone cerbung NK yaiku Lukas Sarminto lan Hartini.

Paraga kang aran Lukas Sarminto bisa diarani dadi paraga *protagonis* amarga dheweke nduweni asipat kang becik lan bisa dadi tuladhane tumrap pamaos. Andharan kuwi ana ing pethikan ngisor iki.

Priya iku apik atine, jujur, sregep, blater lan romantis. Eman dene kebener nasibe kurang becik. Rejekine seret lan ora bisa nukok-nukokake barang-barang pengaji marang Siska.

(NK edhisi 12, PS-19,39/2005)

Saliyane kang wis disebutake mau, ana maneh paraga *protagonis* sajrone cerbung NK iki, yaiku Hartini. Hartini ing carita NK, minangka paraga *protagonis* nanging mung dadi saklebatan. Hartini ora tau nglakoni panggaweyan ala, dheweke nduweni asipat becik, pinter lan seneng mbiyantu kangmas lan mbakyune. Andharan iku mau bisa dibuktekake ing pethikan ngisor iki:

“Genaya kowe gampang resah? Tini klebu wong sing pangerten lan pinter ngemong rasa. Dheweke iku gelem menahi ya gelem diwenahi. Ngemong atine liyan bisa, diemong perasaane dening liyan ya luwih bisa. Dheweke iku pinter srawung, blater lan jembar wawasane.

(NK edhisi 5, PS-20,39/2005)

Saliyane paraga *protagonis*, uga mesthi ana paraga *antagonis*. Paraga *antagonis* yaiku paraga kang nduweni sipat kang ala, lan dadi paraga kang kepengen ngalahne paraga *protagonis*. Paraga *antagonis* kang ana ing sajrone cerbung NK yaiku Fransiska Winarni. Fransiska Winarni diarani paraga *antagonis* amarga dheweke nduweni sipat kang ora becik lan ora patut didadekake tuladha kanggo wanita Jawa. Cuplikane kaya ing ngisor iki:

Tumindak kula mboten pantes dados tepa-tuladha tumrap sedaya wanita. Kula sampun kelajeng cidra, ngidrani suami, nyidrani anak kula estri tuwin nyidrani Gusti.

(NK edhisi 14, PS-20/2005)

Sipat Fransiska Winarni kaya ngono kuwi ora pantes didadekake tuladha kanggo masyarakat utamane kanggo wanita Jawa. Fransiska Winarni kalebu paraga *protagonis* amarga nduweni asipat ala lan bisa nguwatake carita, saengga carita kasebut dadi luwih apik. Saliyane iku, Fransiska Winarni uga paling akeh disebutake ing saben babak carita, mula diarani paraga *protagonis* utawa paraga utama.

Paraga Miturut Jinis Wewatekane

Paraga kang nduweni *flat character* iki bisa dimangerteni saka solah bawane kang wis disebutake ing sajrone carita. Paraga kang nduweni *flat character* ing sajroning cerbung NK yaiku Anton Wibowo, Hartini, lan pak Lasiman. Paraga katelu mau nduweni wewatekan kang ora padha. Anton Wibowo nduweni wewatekan kang ala, beda karo Hartini lan pak Lasiman nduweni wewatekan kang becik. Fransiska Winarni lan Lukas Sarminto ora diarani paraga kang nduweni *flat character*

amarga sipate ora mung saklebatan, lan kalebu karaktere kuwat. Anton Wibowo ing wiwitan carita nduweni wewatekan kang ala, ngati pungkasan carita dheweke uga nduweni wewatekan ala yaiku dadi pawongan sing ngrusak bale wismane antarane Fransiska Winarni lan Lukas Sarminto, mula diarani *flat character*. Andharan kaya ngono mau ana ing pethikan ngisor iki:

“Sis !” Tresnaku mung kang kowe!

Aku dhewe ora ngerti, geneya atiku wis kebacut garing, ora bisa nampa siramaning katresnane wanita liya kejaba kowe dhek jaman semana. Sabubare aku krungu kabar yen kowe palakrama, atiku dadi kosong tanpa isi, sepi sepen tumlawung. Akeh wanita sing nyoba nyedhaki, nanging padha gagal tanpa asil. Aku iki arep dadi bujang lapuk ayake.

(NK edhisi 1, PS-43/2005)

Saliyane paraga Anton Wibowo, ana maneh paraga *flat character* sajrone cerbung NK iki, yaiku Hartini, pak lan mbok Lasiman. Paraga Hartini, pak lan mbok Lasiman nduweni wewatekan kang apik lan becik. Ing wiwitan crita nganti pungkasane carita kaloro paraga mau nduweni wewatekan kang becik, mula diarani *flat character*. Andharan kaya ngono mau ana ing pethikan ngisor iki.

Kanggo mangan saben dinane, Hartini sing dodolan ing pasar akeh bantuane. Beras, sayuran, wuluh, lenga kanggo kompor, bumbu tansah dicukupi. Hartini cukup pangerten marang kahanane kangmas lan mbakyune sing lagi ketleyek ing kahanan.

(NK edhisi 6, PS-19/2005)

Saliyane *flat character*, uga ana paraga *round character*. Paraga kang nduweni *round character* iki bisa dimangerteni saka wiwitane carita nduweni wewatekan kang apik, nanging ing tengah carita nduweni wewatekan kang ala lan ing pungkasan carita nduweni wewatekan apik maneh, mula diarani *round character* amarga nduweni wewatekan kang molah-malih. Ing cerbung NK iki ora disebutake paraga *round character* amarga saben paraga ora nduweni wewatekan kang molah-malih utawa *round character*.

Alur

Alur crita ing cerbung NK anggitane Wisnu Sri Widodo yaiku alur progersif, tegese crita kang nduweni urutan saka anane tepungan, anane konflik, lan perangan akhir kanggo mungkasi konflik.

Perangan Awal (*beginning*) cerbung NK kang kawitan yaiku nalika ketemune Fransiska Winarni marang Anton Wibowo ana ing toko serba ada. Ing panggonan toko kasebut Fransiska Winarni lan Anton Wibowo crita-crita ngenani wektu dheweke lagi isih pacaran lan kahanan bale wismane sing lagi dilakoni Fransiska Winarni. Andharan kaya ngono mau ana ing pethikan ngisor iki:

“Tuku apa Sis? Nandang kono, milih sing akeh!”

Tratab, atine Fransiska Winarni alias Ny. Lukas Sarminto sing dijawil dheg-dhegan. Ora mung nratab amarga kaget, nanging uga nratab dene ora kanyana bisa ketemu priya iki, sing nate ngrenggani atine lan wis sawatara suwe anggone padha pepisahan. Siska: “Mas Anton....?”

“Iya Sis, aku mas-Anton-mu sing dhek emben...!”

Nuli ngajak Siska mampir restoran jroning toko gedhe iku, saperlu ngombe lan omong-omong sawatara.

(NK edhisi 1, PS-20/2005)

Fransiska Winarni tekan omah dipapak karo bojone, amarga blanjane Fransiska Winarni kok suwi banget. Lukas Sarminto takon marang Fransiska Winarni apa wae sing dituku lan kondi wae kok durung mulih nganti jam 13.20 wib. Fransiska Winarni ora gelem crita malah tambah muring-muring.

Perangan Sampingan (Middle) yaiku minangka tataran konflik, ngandharake pertentangan utawa konflik kang wis wiwit tuwuh ing tataran sadurunge, dadi tambah mundhak lan katon kaku. Tekane Hartini ndadekake prekara bubahe bale wisma Fransiska Winarni lan Lukas Sarminto. Fransiska Winarni ngrasa yen anane Hartini lan Yanti ndadekake sumpeg lan sumuke omah. Saliyane iku, kahanan ekonomine kaluwarga uga saya nambah. Cuplikane kaya ing ngisor iki:

“Ora! Aku ora setuju yen dhik Tini pindhah mrene!!”

“Kosik ta, kowe aja kesusu nolak langsung apa alasanmu dene kowe ora setuju?”

Omah mung semene wis dienggoni aku panjenengan Tabita lan Mbok Yem, jebul isih arep kok tambahi Tini lan Yanti, iku apa ora ndadekake sumpeg gerah lan sumuk. Aku emoh kontr karo adhikmu! Apamaneh ekonomine awake dhewe kaya ngene kathik arep tambahi beban.

(NK edhisi 4, PS-20/2005)

Fransiska Winarni nduweni rasa meri marang Hartini, amarga kebutuhan pawon saben dinane kerep dicukupi dening Hartini. Saliyane iku, Fransiska Winarni ngrasa yen kasih sayange Tabita direbut dening Hartini.

Perangan pungkasan (end) yaiku minangka tataran mungkasi konflik, ngandharake babak tartamtu minangka akibat klimaks. Alur crita iki para pemaos diwenahi *surprise* dening Wisnu Sri Widodo. Tumrap pamaos alur uga nduweni paedah kanggo mangerteni sakabehe isi crita kanthi cara runtut lan gamblang. Fransiska Winarni minggat saka omah karana nuruti karep, banjur menyang omahe Aton Wibowo. Fransiska lan Anton Wibowo urip bebareng saomah, nanging durung ana ikatan kang resmi kaya kumpul kebo. Kaya lumrahe manten anyar, Fransiska Winarni lan Anton Wibowo ngrasakake kaendahan lan kamulyan donya. Apa wae sing dikarepake Fransiska Winarni mesthi ditukukake karo Anton Wibowo. Anton Wibowo ndadekake bubahe bale wismane Lukas Sarminto karo

Fransiska Winarni. Cuplikan-cuplikan mau bisa didudut yen alur crita cerbung NK kasebut kalebu alur progresif. Diarani plot crita iku progresif prastawa-prastawa kang diandharake asipat runtut, prastawa kang kawitan nyebabake prastawa kang sabanjure. Uga bisa diarani yen cerbung NK nduweni alur dinamis, jalaran crita ora mung nuju ing papan tartamtu, nanging crita kedadeyan ing papan lan wektu beda.

Konvensionalitas Struktur Karya

Karya sastra mujudake ekspresi kang ora langsung, yaiku nyatakake pamawas utawa gagasan kanthi cara ora langsung. Lelakoning crita cerbung utawa novel kerep dibumboni karo roman katresnan antarane wong lanang lan wadon. Konvensi ing cerbung NK iki bakal diperang dadi dadi rong sub yaiku tema tradhisi lan alur.

Tema Tradhisi

Tema tradisi yaiku gagasan dhasar umum mligine tradisi kang nyengkuyung sajroning karya sastra saka jaman biyen kanthi turun-temurun. Ing sajroning cerbung NK ana tema tradisi awujud bebasan kaya ing ngisor iki.

Sing Sapa Salah Bakal Seleh

Bebasan ing ndhuwur iku nduweni teges sapa sing salah bakal konangan. Tumindake manungsa yen nglakoni becik bakal asile becik, nanging wong sing tumindake ala ora suwe bakal konangan. Tumindake paraga Anton Wibowo kuwi kaya bebasan yen dirasake lan dipikir nduweni dudutan tematik kaya unen-unen mau, bisa dibuktekake ing pethikan ngisor iki:

“Dhik Anton ora perlu emosi. Lan aja nyalahake tim pemeriksa sing nindakake tuprap wis tumandang kanthi becik, apa anane iku obyektif. Saiki dhik Anton wae minangka penanggungjawab, coba wangsulana pitakonku. Kwintasi lima pengaji sak milyar seprapat luwih iku banjur menyang ngendi tanjane? Dhuwit semono iku ora sethikthik dhik. Dakkira dhik Anton ora perlu selak sub-kontraktor, agen penjualan semen lan beton sing kulina setor kanggo bangunan wis dakhubungi kabeh. Padha ora rumangsa nampa vorskot saka sliramu.

(NK edhisi 11, PS-20/2005)

Tumindake Anton Wibowo mau karepe arep ditutupi wae supaya ora konangan, nanging sapa wae sing tumindak ala ditutupi sarapet-rapete bakal konangan. Wong sing salah ora suwe bakal seleh mula kudu nganti-nganti yen tumindak. Tumindak sing kaya mangkono mau kalebu tema tradisi yaiku anton pingin urip mulya nanging tumindak sing dilakoni ora becik lan patut digawe tuladhane kanggo urip bebrayan.

Palang Mangan Tandur

Bebasan ing ndhuwur nuduhake tumindake paraga Anton Wibowo. Paraga Anton Wibowo diwenahi kapercayan karo perusahaan SEMBADA KARYA nanging malah gawe kapitunan. Andharan mau bisa disawang ing pethikan lelakon ngisor iki:

“Ngene lho dhik Hardi. Awake dhewe wis kebacut mutusake, menahi bonus cuti lan wragad refressing neng Jakarta marang Anton Wibowo rak merga prestasine. Pancen, yen bab iku bener, memacu prestasi adhahan kanthi bonus iku ora kliru. Nanging nyatane? Huh! Hhhmmm...!”

(NK edhisi 11, PS-19/2005)

Wis Kebak Sundukane

Fransiska Winarni kuwi dadi paraga utama sajroning cerbung NK. Saben edhisi mesthi nyebutne jenenge. Paraga wanita kang ayu rupane kuwi nduweni watak sing ala banget. Dheweke nduweni kaluputan ora mung karo bojone wae nanging marang wong akeh. Fransiska Winarni sadhar yen akeh banget kaluputane nalika dheweke urip mlarat lan sara. Kahanan tematik kaya mangkono iku ana ing pethikan lelakon sajrone cerbung NK ngisor iki:

“Kula dosa ageng, Rama. Tumindak kula boten pantes dados tepa-tuladha tumrap sedaya wanita. Kula sampun kelajeng cidra, nyidrani bojo, nyidrani anak luka estri tuwin nyidrani Gusti. Dhuh Eama, kula getun sanget. Nanging kula ragu, menapa Gusti kepareng nampi panalangsa tuwin kedhuwung kula?”

(NK edhisi 14, PS-20/2005)

Kesandhung Ing Rata, Kebentus Ing Tawang

Pengaweyane Lukas Sarminto saben dinane dadi seniman lukis, utawa juru sungging. Priya iki nduweni watak kang becik lan sabar. Beda banget karo bojone Fransiska Winarni sing nduweni watak ala lan judes banget. Lukas Sarminto antuk ngarapan gedhe ngenani Baliho atine Lukas Sarminto lan Fransiska Winarni seneng banget. Nalika positif nggarap Baliho, Lukas Sarminto ngecat bagian dhuwur, saking senenge ora dinyana-nyana cilaka banjur ceblok tekan lemah. Kedadeyan tematik mau bisa dibuktekake ing pethikan lelakon ngisor iki:

Nanging tan kocapa, bareng namakake kuwas marang papan triplek ing sisih ndhuwur, andhang pring sing dienciki Lukas Sarminto pepes lan ambrol. Lukas Sarminto dadi monting awake, keseimbangan badan dadi goyah lan tiba tekan lemah. Umplung cer gedhe sing dicekel isine ngebyuki raine. Saliyane rai lan awake Lukas Sarminto kaya adus cet, tiba saka papan sepuluh meter dhuwure mula mutawatiri, banjur langsung semapat.

(NK edhisi 5, PS-20/2005)

Kerot Ora Duwe Untu

Bebasan tematik ing ndhuwur iku nduweni ateges wong sing nduweni kekaperan utawa pepinginan kang gedhe naging ora duwe bandha utawa wragat. Paraga Fransiska Winarni nduweni pepinginan kang gedhe banget, kabuktekake ing pethikan ngisor iki:

Lumrah ta yen wanita iku kepingin urip seneng, duwe omah gedhong

magrong-magrong, kepingin duwe sandhangan sing sarwa larang, meubelair antik lan canggih, barang-barang elektronik prodhuk mutakhir, anggon-anggon mas barleyan inten mutiara, mobil sedhan kemlenyer sing bisa ngundharakake gengsi? Pepinginan wanita sing kaya ngono iku wajar kodrati lan manusiawi, Mas! Aja kok anggep khayal ngayawara lan materialitis!”

(NK edhisi 5, PS-20/2005)

Alur (dadakan)

Alur nduweni paedah kanggo pangripta minangka didadekake dhasar kanggo ngrembakakake sakabehe isi critane. Ing cerbung NK iki alur critane awujud prekara kang dadakan. Akeh banget dadakan (ujug-ujug) sing ditemokake ing sajroning cerbung NK nduweni kaluwihan ing babagan iki.

Tumekane Polisi Tanpa Sangkan Paran

Polisi yaiku wong sing nduweni tugas gawe tentreme masyarakat. Saliyane iku polisi uga nduweni tugas mecahake prekara-prekara sing dilakoni manungsa ngenani bubahe bale wisma. Ing cerbung NK iki polisi diprentah perusahaan SEMBADA KARYA supaya bisa nyekel wong-wong sing senengane korupsi kayata Anton Siska cecaturan karo polisi ngenani kasuse Anton Wibowo. Kabukten kaya ing cuplikan ngisor iki.

Siska bareng mbukak lawang ngarep, jebul dudu mas Anton, nanging wong lima, antarane salah siji nganggo sandhangan Polri. Pikirane Siska saya tambah kisruh, atine gidhuh cawuh worsuh.

“Ngriki dalemipun pak Ir. Anton Wibowo, inggih?”

“Inggih...” Siska ragu-ragu.

“Kula Ir.Suhardi saking SEMBADA KARYA lan saking Pengadilan Negeri, Kejaksaan, Kepolosian kaliyan Juru-sita.”!

“Lajeng kersanipun?”

“Ngaturi kabar menawi sing kangungan dalem niki, Ir. Anton Wibowo kena prekawis.”

“Prekawis menapa? Pitakone Siska”

“Piyambakipun korupsi arta proposal dhahanipun PT. SEMBADA KARYA ngantos setungal seprapat milyar arta menika dhateng SEMBADA.

(NK edhisi 13, PS-20/2005)

Nesu Tanpa Sebab

Saben manungsa mesthi nduweni watak emosian, nanging uga kudu bisa nduweni kesadharan. Ing cerbung NK iki ana paraga kang senengane emosian tanpa sebab yaiku Fransiska Winarni. Paraga Fransiska Winarni ndadekake pemaos bingung amarga senengane muring-muring ora ana sebab lan akibate. Muring-muringe Fransiska Winarni mau, bisa kabuktekake ana ing pethikan ing ngisor iki.

Eeee, genahe panjenengan kuwi jubriya ta mas? Anggonku ngiwa ngono apa?” wangsulane Siska isih tetep sengak.

“Emosi wae! Ingatase blanja wae kok di-streng wektune! Apa bojomu iki kok anggep tukang menggok ngono, apa!”

Ngene ya bu. Kowe aj kesusu nampa. Coba pikiren! Rak ora salah ta aku ngarep-arep kowe? Jalaran ana bab sing perlu antuk kawigaten kita secara muringan.” “Iki mau, cethane sakjam kepungkur, lagi wae mungkur kongkonane adhiku ing Kranggan, ngandhakake yen lagi ketaman musibah. Kakunge sing dadi sopir Truck, tabrakan ana wetan Godean.

(NK edhisi 3, PS-19/2005)

Baline Pacar Lawas

Anane Fransiska Winarni ing omahe Anton Wibowo iku, ndadekake bingunge pak lan mbok Lasiman. Fransiska Winarni dadi kaya ratu ing omah iku, banjur Pak lan mbok Lasiman nduweni angen-angen apa Fransiska Winarni iku wanita simpenane pak Anton Wibowo sing durung nduweni ikatan sah ing agama katolik. Cuplikane kaya ing ngisor iki.

Sore pak-mbok Lasiman rewange Anton Wibowo padha teka, awit perlune jagong manten nggone sedulur ing ndesa wis cukup. Rewang iku padha cingak dene saiki ing omah open-opene ana wanita simpenan. Luwih cingak maneh dene dina-dina sabanjure sikepe Siska marang rewang loro iku kurang simpatik, kumawasa lan kerep aweh prentah sing yen ditandangi tansah sarwa ora kebeneran.

Saiki Anton Wibowo manja banget marang Siska. Ora mung apa-apa njaluk diladeni, selagine adus wae njaluk dikancani didusi lan disabuni. Yen mangan njaluk didulang kaya bocah cilik.

(NK edhisi 8, PS-39/2005)

Dadakan Minggat

Tembung minggat yaiku wong sing arep ninggalna omah. Minggate Fransiska Winarni iku ora patut didadekake tuladha kanggo para pamaos, amarga nuruti karep bisa ndadekake bubahe bale wisma. Pepinginane kang kaya ngono iku wis dadi wateke Fransiska Winarni supaya bisa urip mulya karo Anton Wibowo. Cuplikane kaya ing ngisor iki.

“Wis embuh, ora caturan!!! Pokoke aku wis wegah ngalami urip rekasa kaya ngene. Aku arep nuruti karep! Aku arep minggat saiki uga!!!”

(NK edhisi 7, PS-19/2005)

Rajapati Minangka Panutup

Fransiska Winarni tumekane pati nduweni arti yen wong wadon kuwi ojo nganti durhaka marang wong lanang. Fransiska Winarni ngandhut enom, amarga sesambungane karo Anton Wibowo. Wetenge Fransiska Winarni kerasa lara dikira salah mangane. Ora let suwe,

Fransiska Winarni ngalami pendharan terus-terusan ora bisa mandheg, amarga kandhungan lan alat reproduksine rusak. Pendharan sing ora bisa mandheg mau, ndadekake Fransiska Winarni tumekane pati. Cuplikane kaya ing ngisor iki.

Ibune Tabita iku durung bisa obah akeh, sebab rasaning awak lara kabeh, nalika satengahe mbobot enom asil sesambungane karo Anton Wibowo. Durung tutug olehe mangan weteng sing karepe kenoa kanggo olehe tata kekuwataning raga, kedadak Siska krasa lara wetenge. Sekawit dikira lara maag, akibat saka mangane. Nanging Siska jebul banjur nangis karena pendharahan (nggrajag getih). Kandhungan lan alat reproduksi ngalami kerusakan, lan ngetokake getih terus-terusan.

(NK edhisi 15, PS-20/2005)

Kapribadhene Paraga Utama Wanita

Paraga utama sajroning cerbung NK yaiku Fransiska Winarni. Supaya mangerteni kapribadhene paraga kasebut, mula digunakake teori kapribadhen umume lan kapribadhen mligine teori psikoanalisis Sigmund-freud. Freud ngandharake kapribadhen manungsa iku dumadi saka telung perangan yaiku *id*, *ego*, lan *superego*.

Kapribadhen umume

Fransiska Winarni utawa Siska iku pancen nduweni dedeg pas banget. Saliyane dedege apik, Fransiska Winarni uga ora ana cacate, rupane pancen ayu banget. Potongane rambute karo pawakane pancen pantes banget, ora mung potongane wae kulit lan esemane pancen bisa ngatutne wong lanang. Senengane Fransiska Winarni saben dinane blanja utawa foya-foya ana ing mall utawa toko. Foya-foya sing kaya mangkono kalebu kepribadhene Fransiska Winarni saben dinanane. Nalika Fransiska Winarni blanja suwi, bojone takon marang Fransiska Winarni, nanging Fransiska Winarni malah saya emosi. Andharan mau kabuktekake ana ing ngisor iki:

“Emosi wae! Ingatase blanja wae kok di-streng wektune! Apa bojomu iku kok anggep tukang menggok ngono, apa?!”

(NK edhisi 3, PS-19/2005)

Kapribadhen Miturut Teori Psikoanalisis Simund-freud

Teori kapribadhen mujudake teori kang nyinaoni babagan kajiwaning manungsa, lumantar tumindake lan wewatekane. Paraga Fransiska Winarni bisa dianalisis saka teori kapribadhen mligine teori psikoanalisis Sigmund-freud. Freud ngandharake kapribadhen manungsa iku dumadi saka telung sisitem yaiku *id*, *ego*, lan *superego*.

Id (das Es)

Salah sawijine *id* kang ngrembaka ing kebatinane Fransiska Winarni yaiku nepsu. Nepsu minangka sipat naluriyah saka manungsa, nanging ing

sajrone carita NK, Fransiska Winarni ora bisa ngendhaleni nepsu kang ana ing batine saengga ndadekake pamawase dheweke dadi manungsa kaya bocah cilik. Fransiska Winarni nduweni pepinginan kang gedhe nganti dheweke angen-angen yen pepingan kasebut bakal kawujud. Salah sawijine bukti yen sistem kapribadhene Fransiska Winarni uga dumadi saka *id* ana ing pethikane ngisor iki:

Ana wewayangan endah ing angen-angene Fransiska Winarni. Kepingin ningkatake uripe sarana nduweni barang-barang luwih pengaji sajake wis ana trontong-trontong kawujud.

(NK edhisi 5, PS-20/2005)

Pethikan kasebut ngandharake yen paraga Fransiska Winarni nduweni angen-angen yen bojone antuk pengawene nggarap Baliho dheweke arep tuku barang-barang sing dikepingini. Kepribadhen Fransiska Winarni kaya mangkono ora apik, amarga dheweke senengane mung foya-foya ora mikir sandang pangan saben dinane. Pamikire Fransiska Winarni kanggo mujudake pepingnane tuku barang larang kuwi salah sawijine bukti yen anane *id* nganthi dheweke nduweni angen-angen.

Ego (das Ich)

Id kang ora nduweni gayutan karo jagad sakupenge, beda karo *ego* kang kudu nggayutake karo jagading panguripan. Sajroning cerbung NK, kang dadi punjering panliten yaiku paraga utama. Paraga utawa paraga utama mesthi nduweni kapribadhen kang bisa kawawas saka solah bawa lan wewatekane. Kaya paraga utama sajrone cerbung NK kang aran Fransiska Winarni nduweni kapribaden tartamtu. Kapribadhen Fransiska Winarni dumadi saka telung sistem, *id*, *ego*, lan *superego*. *Ego* kang ana ing alam pamikire paraga Fransiska Winarni uga ana ing sajroning cerbung NK. Kanggo nguwatake andharan mau, mula ana pethikan-pethikan kang bisa nuduhake anane *ego* sajroning alam pamikire paraga Fransiska Winarni. Tuladhane ana ing pethikan ngisor iki:

“Bener yen bab iku wajar lan manusiawi. Nanging pepeinginan mono kudu diselarasake karo kemampuane bojomu. Apa aku njur arep kokkon ngrampog?Huh, pikiran nggladrah!”

(NK edhisi 5, PS-20/2005)

Fransiska Winarni urip bebarengan karo Lukas Sarminto karena dijodhohake karo wong tuwane. Dheweke ora nyana yen urip karo Lukas Sarminto bakal nandang kasusahan. *Ego* kang nyoba nggayutake pepinginan karo jagading kasunyatan kang ngrembaka ing alam pamikire Fransiska Winarni ndadekake dheweke pengin urip mulya lan bisa tuku-tuku barang larang sing dipingine, nanging ora mikir pengaweyane bojone sing mung seniman pelukis.

Superego (das Uber-Ich)

Superego uga nuduhake *ego* marang tujuan-tujuan kang laras karo moral tinimbang karo kasunyatan. Paraga utama Lukas Sarminto nduweni kapribadhen kang becik lan dheweke wis bisa nenimbang antarane endi kang becik lan ala, nanging beda karo

paraga Fransiska Winarni. *Superego* ing alam pamikire paraga Fransiska Winarni sajroning cerbung NK ora bisa milah-milah antarane becik lan ala. Fransiska Winarni akeh-akehe nuduhake sipat ala kang tuwuh sajrone *egone*.

Superego kang ana ing alam pamikire Fransiska Winarni mung ana nalika dheweke minggat saka omahe Anton Wibowo, banjur menyang greja dheweke lagi ditakoni dening pendheta. Dheweke lagi sadhar yen apa kang dilakoni sasuwene iki mung ndadekake dheweke cilaka lan ora beja. Seneng kang mung sedhela, banjur ditundhung mingat saka omahe Anton Wibowo. Andharan mau ana ing pethikan ngisor iki:

Fransiska Winarni metu, ninggalake omah nomer 3 ana ing latar, sadurunge teka lawang pager, Fransiska Winarni noleh, nyawang omah sing wis tau dianggo seneng-seneng kalawan Anton Wibowo sesuwene iki, kanggo sing pungkasan. Kanthi sirah tumungkul lan ngampet luhing luh! Fransiska Winarni luruh lakune pinggir dalan Wakhid Hasyim. Kira-kira wae dina iki mujudake dina kang pungkasan tumrap Fransiska Winarni mecaki pinggir dalan Wakhid Hasyim.

(NK edhisi 13, PS-43/2005)

Nalika Fransiska Winarni meruhi yen omahe Anton Wibowo arep disita, dheweke ngetokne luh lan bingung. Dheweke lagi sadhar yen apa kang dilakoni sasuwene iku ora gawe seneng malah gawe cilaka. Sawise omah-omah karo Anton Wibowo durung nganti suwe, dheweke malah kelangan sakabehe kang diduweni. Fransiska Winarni sadhar bisa milah-milah apik lan ala nalika menyang greja ketemu karo pendheta.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar tintingan kang wis dilakoni, mula bisa dingerteni ngenani panggambaran peranganing crita minangka wujud wangunaning struktur cerbung NK kang kasusun saka tema, paraga, lan alur sarta konvensionalitas lan kang pungkasan ngenani gegayutan kepribadhen paraga utama wanita digayutake teori Sigmund-freudPanliten .

Tema diperang dadi loro yaiku tema mayor lan minor. Tema baku utawa mayor cerbung NK anggitane Wisnu Sri Widodo yaiku *sosial*. Sajroning cerbung dinggambarake paraga Fransiska Winarni sing nduweni pepinginan kang gedhe sing ora bisa dipenggak karena nuruti karep. Pepingnane Fransiska Winarni urip mulya sing kaya mangkana mau ndadekake kodrate wanita urip bebrayan. Paraga Fransiska Winarni dadi wanita Jawa sing nduweni tumindak kang ora becik dadi tuladha kanggo bebrayan khusus wanita Jawa. Dene tema minore yaiku katresnan lan nggambarake sujanane wanita Jawa kang ndadekake bubahe samubarang.

Paraga miturut kalungguhane sajroning cerbung NK bisa diperang dadi paraga utama lan paraga tambahan.

Paraga utama sajroning cerbung NK yaiku Fransiska Winarni lan Lukas Sarminto. Paraga kaloro mau nduweni pawakan kang beda banget, Fransiska Winarni dinggambarake wanita kang ayu rupane nanging nduweni sipat kang ala, dene Lukas Sarminto mujudake priya bagus lan nduweni sipat sabar. Kajaba paraga utama uga ana paraga tambahan yaiku Anton Wibowo, Hartini, Yanti, Tabita, pak lan mbok Lasiman. Anton Wibowo dinggambarake priya kang bagus lan nduweni sipat ala, dene Hartini, Tabita, Yanti, pak lan mbok Lasiman mujudake wanita kang ayu rupane lan nduweni asipat becik.

Paraga miturut kalungguhane uga ana paraga miturut peranane. Paraga miturut peranane sajroning cerbung NK diperang dadi paraga *protagonis* lan paraga *antagonis*. Paraga protagonis sajroning cerbung NK yaiku Lukas Sarminto lan Hartini. Paraga-paraga kasebut nduweni sipat kang becik banget, mula patut dadi tuladha kanggo urip bebrayan. Kajaba paraga protagonis, ana paraga antagonis yaiku Fransiska Winarni. Fransiska Winarni nduweni sipat ora becik, mula diarani paraga antagonis banget.

Saliyane paraga miturut kalungguhane lan peranane uga ana paraga miturut jinis wewatekane. Paraga miturut jinis wewatekane sajroning cerbung NK diperang dadi rong warna yaiku *flat character* lan *round character*. Paraga kang nduweni *flat character* ing sajroning cerbung NK yaiku Anton Wibowo, Hartini, lan pak Lasiman. Paraga papat mau nduweni wewatekan kang ora padha. Anton Wibowo nduweni wewatekan kang ala, beda karo Hartini lan pak Lasiman nduweni wewatekan kang becik. Saliyane *flat character* uga ana *round character*. Ing cerbung NK iki ora disebutake paraga *round character* amarga paraga ora nduweni wewatekan kang molah-malih.

Alur crita ing cerbung Nuruti Karep anggitane Wisnu Sri Widodo yaiku alur progersif, tegese crita kang nduweni urutan saka anane tepungan, anane konflik, lan perangan akhir kanggo mungkasi konflik. Diarani alur crita progresif, amarga prastawa-prastawa kang diandharake asipat runtut, prastawa kang kawitan nyebabake prastawa kang sabanjure.

Aspek konvensionalitas struktur karya sajroning cerbung NK diperang dadi tema tradhisi lan alur. Ing cerbung NK iki, paraga utama wanita yaiku Fransiska Winarni. Fransiska Winarni dijodhohne karo sawijining pelukis sing jenenge Lukas Sarminto, kamangka Fransiska Winarni ora nduweni rasa tresna marang dheweke. Fransiska Winarni nuruti apa sing dikarepake wong tuwane. Iki mujudake paperaning tema tradhisi utawa konvensional sing dumunung sajroning roman Jawa modern. Saliyane iku, ing cerbung NK uga ana salah sawijining kang kalebu tematik (tema tradhisi) kayata paribasan sing sapa salah bakal seleh, palang mangan tandur, wis kebak sundukane, kesandhung ing rata, kebetung ing tawang lan kerot ora duwe untu. Saka paribasan kabeh mau, nduweni sipat humoris sing cenggeng lan melodramatik, uga nduweni titikan seni populer kayata dhalang, kang nggambarake urip bebrayan sing nduweni jejibahan utamane didik lan menehi pamawas. Saliyane tema tradisi, uga ana alur yaiku

ngenani kedadeyan prekara awujud dadakan. Sing kalebu alur dadakan kayata: tumekane polisi tanpa sangkan paran, nesu tanpa sebab, baline pacar lawas, dadakan mingat, lan rajapati minangka panutup.

Kapribadhene paraga utama wanita cerbung *Nuruti Karep* bisa dianalisis saka teori kapribadhen mligine teori psikoanalisis Sigmund-freud. Kapribadhene manungsa iku dumadi saka telung sistem yaiku *id*, *ego*, lan *superego*. Paraga utama wanita kang aran Fransiska Winarni nduweni kapribaden kang ala. Fransiska Winarni mung nengenake *ego* lan *id* kang ana ing alam pamikire. Dheweke luwih nengenake apa kang dadi pepengine, ora nyawang kasunyatan. Superego ing alam pamikire paraga Fransiska Winarni sajrone cerbung NK ora bisa milah-milah antarane becik lan ala. Fransiska Winarni akeh-akehe nuduhake sipat ala kang tuwuh sajrone egone. Fransiska Winarni bisa diarani pawongan kang egois, mung senenge wae ora gelem urip sara, dheweke luwih milih minggat saka omah tinimbang ngrumat bojone sing nandang wuta mripate.

Pamrayoga

Adhedhasar analisis kang diandharake, panulis nduweni pengarep-arep supaya tulisan iki bisa nambah pangerten tumrap panulis lan pamaos kanggo nambah kawruh ngenani sastra lan panliten sastra. Panliten iki mligine ngrembug babagan analisis struktur dinamik, konvensionalitas struktur karya, lan kapribadhen paraga utama wanita. Panliten iki uga dikarepake kanggo referensi panliten-panliten liyane kang saemper, saengga bisa ngandharake titingan struktur dinamik kang luwih jembar lan luwih jero kawruhe.

Saliyane iku, panulis uga nduweni pepenginan supaya tulisan nduweni paedah kang nglestarekake lan nyengkuyung ngrembakane kasusastraan Jawa, aweh pamawas ngenani pangetrepe titingan struktur dinamik, lan minangka bahan informasi yen sajrone karya sastra iku kinandhut piwulangan kang migunani kanggo panguripan.

KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 1991. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian suatu Pendekatan Praktik (edisi revisi IV)*. JAKARTA: PT. Adi Mahasatya
- Damono, Sapardi Djoko. 1993. *Novel Jawa Tahun 1950-an: Telaah Fungsi, Isi, dan Struktur*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- Eagleton, Terry. 2007. *Teori Sastra*. Yogyakarta: Jalasutra
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Spikologi Sastra*. Yogyakarta: Media Presindo
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: MedPress
- Freud, Sigmund. 2002. *Psikoanalisis*. Yogyakarta: Ikon
- Hardjana, Andre. 1994. *Kritik Sastra: Sebuah Pengantar*. Jakarta: Gramedia

- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa. Jakarta: Depdikbud
- Koswara, E. 1991. *Teori-Teori Kepribadian*. Bandung: ERESKO
- Luxemburg, Jan Van dkk. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra* (terjemahan oleh Dick Hartoko). Jakarta: PT Gramedia
- Mangunuwito, S.A. 2010. *Kamus Lengkap Bahasa Jawa*. Bandung: C.V. YRAMA WIDYA
- Minderop, Albertine. 2011. *Psikologi sastra Karya Sastra metode, teori, dan Contoh Kasus*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia
- Molleong, Lexy J. 2007. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya
- Najid, Moh. 2009. *Apresiasi Prosa Fiksi dan Drama* (sebuah perbandingan). Surabaya: Taman Nadiyah Azzala
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada
- Purnomo, S. Bambang. 2011. *Kesusastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: CV. Kartika Mulya
- Pradopo, Rahmad Djoko. 1997. *Kritik Sastra (prinsip-prinsip)*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Ratna, Nyoman Kutha. 2012. *Teori, Metode, Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Sunarto. 2001. *Metodologi Penelitian Ilmu Sosial dan Pendidikan*. Surabaya: Unesa Press
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra: Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya
- Tofani, M. Abi. 2008. *Sari-sari Basa Jawi Pepak*. Tuban: Yayasan "AMINAH"
- Wellek, Rene dan Austin Waren. 1990. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: PT Gramedia

